



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE PREZIDAN BIDEN YON DEKLARASYON POU GWO KATASTWÒF POU GARANTI ASISTANS FEDERAL POU KOMINOTE INONDASYON DEVASTATÈ A TE AFEKTE

Gouvènè Hochul mande tou pwosesis Evalyasyon Dega FEMA Akselere, kòm reprezantan Katastwòf Eta a deja sou teren ap fè evalyasyon domaj nan kominote ki pi frape yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande Prezidan Biden yon deklarasyon pou gwo katastwòf pou sipòte rekiperasyon kontinyèl kominote tanpèt devastatè a te afekte ki te soti nan gwo lapli semèn sa a, ki gaye nan pifò rejyon nan nò Eta New York. Si l'apwouve, deklarasyon sa a ap libere asistans finansye federal kritik ki pral sipòte efò rekiperasyon ak rekonstriksyon nan Konte Albany, Clinton, Dutchess, Essex, Hamilton, Ontario, Orange, Oswego, Putnam, Rensselaer, Rockland, ak Westchester, avèk opòtinite pou yo ajoute plis konte nan semèn k ap vini yo pandan pwosesis evalyasyon domaj la ap kontinye. Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap mande sipò federal pou pwopriyetè kay nan Konte Ontario ak Orange, ansanm ak yon pwosesis evalyasyon domaj akselere. New York pral angaje tou ak Administrasyon Ti Biznis nan Etazini pou chèche prè rekiperasyon ak to enterè ki ba pou biznis prive ki afekte yo nan semèn k ap vini yo.

"Administrasyon mwen an pa etranje ak evènman move tan yo epi move tan nan semèn ki sot pase a te montre ke non sèlman nou bezwen asistans federal pou ede rekipere anba tanpèt sa yo, men lidè gouvènman yo nan tout nivo yo bezwen priorize aspè pou fè enfrastruktir nou an pi rezistan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te pale ak Mezon Blanch lan, Senatè nou yo, ak dirijan FEMA sou nesite pou yon apwobasyon rapid deklarasyon katastwòf sa a, pou nou ka ede Nouyòkè yo rekipere vit ak yon fason efikas".

Yon deklarasyon pou gwo katastwòf asire asistans finansye nan men gouvènman federal la, sitou nan [Pwogram Asistans Piblik FEMA a](#), pou bay finansman pou gouvènman lokal yo, tribi yo ak òganizasyon san bi likratif ki kalifye pou retire debri, mezi pwoteksyon, ak reparasyon nan bilding ak enfrastruktir, ki gen ladan wout, pon, dlo ak enstalasyon tretman dlo ize, sit enfrastruktir enpòtan yo, lekòl, pak ak lòt etablisman yo.

Aprè yon katastwòf, Inite Rekiperasyon pou Katastwòf Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) travay dirèkteman ak tokay yo nan Ajans Federal Jesyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak gouvènman lokal afekte yo pou evalye domaj ki te koze, ak depans ki gen rapò ak katastwòf la. Yon fwa evalyasyon sa yo fini, FEMA valide si eta a ak konte ki afekte yo te rive nan limit yo mande pou domaj federal la pou yon deklarasyon pou gwo katastwòf.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "New York te devaste avèk gwo lapli ak inondasyon destriktif semèn sa a epi nou bezwen jwenn aksè nan finansman federal pou sipòte rekiperasyon alontèm kominote ki afekte yo. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, ekip nou yo ap travay men nan men ak patnè lokal ak federal nou yo pou sipòte efò rekiperasyon yo pi vit ak osi efikas posib".

Soti 9 rive 10 jiyè yo te rapòte plis pase uit pous lapli nan kèk pati nan rejyon Mid-Hudson ak plis pase senk pous lapli nan Konte Ontario, nan rejyon Finger Lakes. Soti 10 rive 11 jiyè, gen kèk pati nan North Country ki te resevwa plizyè pous lapli nan yon peryòd tan ki kout, ki te lakòz inondasyon devastatè, wout fèmen ak enfrastrikti ki andomaje atravè rejyon ki afekte yo.

Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te mande ajans Eta yo pou yo [prepare resous pou repons pou ijans](#) epi yo rete an kominikasyon konstan ak gouvènman lokal yo pou siveye enpak tan an epi reponn a demann pou asistans. Pandan tanpèt yo t ap deplase atravè eta a, Gouvènè a [te kontinye deplwaye resous pou katastwòf](#) nan zòn ki fekte yo, sa gen ladan anlwaye Depatman Transpò, ki te travay pou pèmèt wout eta yo ouvri pi vit posib.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul [te deplwaye pèsonèl](#) ki soti nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) pou bay asistans ak rezidan inondasyon nan Konte Rockland ak Orange afekte. Moun yo ka rele liy dirèk pou katastwòf DFS la nan (800) 339-1759.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook [DHSES](#) la, swiv [@NYS DHSES](#) sou Twitter ak [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)